Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RETOU DEZYÈM EKIP PONPYE NEW YORK APRE YO TE FIN LITE NAN ETÈNN DIFE FORÈ NAN 37,400-KAWOTÈ NAN CALIFORNIA

Gade foto deplwaman La

Gouvènè Cuomo jodia te anonse retou ansekirite dezyèm ekip 20-manm Gad Forestye, anplwaye ak volontè yo ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York ki te lite nan twa dife California sou konplèks Mad River nan de semèn ki sot pase yo. Dife Mad River a te boule yon total 37,462 kawotè, kounye a avèk yon kontwòl 100-pousan. Gouvènè Cuomo te dispatche yon total 44 ponpye New York pou ede nan kontwole dife kot lwès pandan ete a.

“Yon fwa ankò, ponpye New York yo te sezi okazyon an epi mete pwòp sekirite yo a risk nan fason pou ede yon vwazen ki nan bezwen,” **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Mwen kontan dèske yo retounen an sekirite e mwen fyè pou kouraj ak pwofesyonalis yo te demontre pandan tout deplwaman sa a."

Retou ekip la te fè pati de yon gwoup 95 ponpye ki te travay pou kontwole dife nan konplèks Mad River a pandan de semèn ki sot pase yo. Nan fen jiyè 2015, zèklè te mete dife nan konplèks Mad River nan Forè Nasyonal Sis Rivyè nan Nòdwès California. Twa dife yo kounye a kontwole, men kondisyon sèk egzije pou ekip yo kenbe yon prezans konstan pou kontwole dife a.

Ekip la te ede nan kreye liy kontwòl pou kontwole dife forè a, netwaye materyèl ki sou pasaj dife a epi kontwole operasyon pou mete fen nan dife a kote ekip yo te fè eksprè pou yo mete tè nan lizyè kontwòl dife a pou yo te ka retire pi gwo kantite gaz kap alimante dife a. Ekip la te travay nan teren ki difisil e yo te andire tanperati ki cho anpil. Apre misyon de semèn yo a, ekip la te pran avyon pou retounen nan PA, repoze lannwit lan, apresa pran otobis pou retounen lakay yo maten an.

“Ane sa a te ka pa bay pi gwo dife nan istwa resan yo, men li te definitivman pwodui youn nan pi move sezon ki gen rapò a kondisyon yo,” **te deklare Komisyonè pa Entèrim DEC Marc Gerstman**. “Mwen rekonesan pou Gad Forestye DEC yo, anplwaye ak volontè New York yo pou kouraj ak volonte yo pou ede nan moman sa a e nou kontan pou nou akeyi yo lakay jodia nan retou yo ki ansekirite.”

Ekip ki retounen an gen ladan:

Gad Forè yo

- Gad Forè Jeremy Oldroyd, Squad Boss, Konte Broome
- Gad Forè Chris DiCintio, Squad Boss, Konte Columbia
- Gad Forè Jacob DesLauries, Ponpye, Konte Essex
- Gad Forè Robert Praczkajlo, Squad Boss, Konte Essex
- Gad Forè Ian Kerr, Crew Boss, Konte Fulton
- Gad Forè Corenne Black, Ponpye, Konte St. Lawrence
- Gad Forè Chester Lunt, Ponpye, Konte Suffolk
- Gad Forè Howard Kreft, Ponpye, Konte Ulster

Anpwlaye yo

- Christopher Sprague, DEC Tè ak Forè, Ponpye, Konte Chenango
- Daniel Tuthill, Albany Pine Bush Preserve, Ponpye, Konte Oneida
- Joshua Utberg, DEC Pwason ak Lafon, Ponpye, Konte Saratoga
- Anthony Leung, DEC Divizyon Dlo, Ponpye, Konte Suffolk
- James Canevari, DEC Tè ak Forè, Sawyer, Konte St. Lawrence
- Stephanie Larkin, DEC Pwason ak Lafon, Ponpye, Konte St. Lawrence

Volontè yo

- Kraig Senter, Volontè, Ponpye, Konte Cayuga
- Steven Brown, Volontè, Sawyer, Konte Delaware
- Dale Robar, Volontè, Ponpye, Konte St. Lawrence
- Paul Gallery, Volontè, Konte Schenectady
- Hunter Morris, Volontè, Ponpye, Konte Schenectady
- Samuel Griffis, Volontè, Ponpye, Konte Washington

New York te voye yon ekip ponpye pou ede nan eta lwès yo lite nan gwo dife nan 1979. Jeneralman yo voye youn oswa de ekip pou ede chak ane. Anplis pou ede kontwole dife forè nan lwès la epi diminye domaj yo, ekip sa yo genyen tou anpil eksperyans ke yo ka itilize pou lite kont dife nan New York. Tout depans vwayaj ak administratif pou anplwaye, ekip la peye dirèktemam pa Sèvis Forè Etazini oswa ranbouse a eta.

Jiska dat, plis pase 8.5 milyon kawotè te boule nan Etazini ane sa a sa ki deja plis pase triple total la nan 2014. Ane sa a, sèn nan te kreye akoz yon mwa jen ki cho ak sèk nan fason ki pa nòmal avèk rekò long vag chalè. Anfèt, jen 2015 se te mwa ki te pi cho nan rekò pou eta Washington, Oregon, California, ak Idaho e preske tout nan eta sa yo ap andire yon sechrès grav. Syantis ak meteyolojis yo espere ke gwo El Nino ke yo te prevwa pou ane a pral bay soulajman epi simonte wo presyon ki te bloke imidite pou atenn pati yo nan rejyon an.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418